ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№26 (23.184) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 13, щэбэт • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кином и илъэсым траухуэ

● КъБР-м и Парламентым

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Осетие Ипщэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, уэрэджы-IакIуэ, режиссёр, сценарист Хъыжрокъуэ Сулътlан яхуэзащ КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм хэтхэм, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым и студентхэм. Зэlущlэр теухуауэ щытащ мы гъэр Кином и илъэсу зэрагъэувам, иджыблагъэ Хъыжрокъуэм и Iэдакъэм къыщlэкlа, ди щlыналъэм, Урысейм, хамэ къэралхэм я кино-гъэлъэгъуапIэхэм щlэупщlэшхуэ зиIэу щагъэлъэгъуа «По небу босиком» мелодрамэм.

КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм хэт **Ашэбокъуэ Залинэ** зэIущlэр къызэIуихауц «По небу босиком» фильмым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я щхьэм кърикIуэну Iуэхугъуэхэм ухэзышэу ар къызэрыщlидзэ мы пэублэ псалъэхэмкIэ: «Щхьэусыгъуэншэу ди гъащlэм зыри къыщlымыхьуу, цIыхум и натIэм къритхам фIэмыкIыу жаIэ. Махуэ къэс ди гъащlэм цIыхущlэхэр къыхохьэ. Языныкъуэхэр псынщlэу тпэIэщlэ мэхъу, адрейхэр гъащlэ гъусэ тхуохъу. Дапхуэдэу хъуми, зэрымыщlэкIэ дызрихьэлIэ цIыхухэм яхэтщ ди псэукIэм, гупсысэкIэм куэду зезыгъэхъуэжхэр...».

Ашэбокъуэм жиIащ республикэм и кинематографием зиужьин папщlэ иджыпсту куэд зэралэжьыр, Сокуров Александр и унафэм щlэту КъБКъУ-м къыщызэIуаха режиссёр къудамэр нэгъабэ къызыуха щlалэгъуалэм а унэтIыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащIыну зэращыгугъыр, илъэс 20-м нэблагъэкIэ кино щытрамыха ди щlыпIэм Хъыжрокъуэ СулътIан и «По небу босиком» фильмыр нэгъабэ утыку къызэрыщ-рахьар, нэгъуэщlхэри.

Зэ1ущ1эм щагъэлъэгъуауц «По небу босиком» фильмым республикэм исхэр зэрепльам, ар къаззэрыщы-хъуам, ягу зэрядыхьам, зыхуиша гупсысэхэм теухуа видеонэтыныр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ **Жанатаев Селим** къыхигъэщащ щlыналъэм и кинематографием хэлъхьэныгъэ хуэщlыныкIэ япэ лъэбакъуэ зыча Хъыжрокъуэ СулътIан куэдкIэ зэрыщlигугъыр, а унэтIыныгъэм дя-

Хъыжрокъуэ СулътIан и псалъэ.

пэкIи зригъэужьыну, екъулIэныгъэ щlиIэну зэригуапэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Тау Ритэ** жиIащ илъэс 20-м щlигъуауэ иц1ыху Хъыжрокъуэм зэфIэкIкIэ куэд зэриIэм республикэм исхэр зэрыригушхуэр, иджыблагъэ абы утыку кьрихьа «По небу босиком» фильмым гъэ-щlэм и лъапIэныгъэхэр къызэрызэщlиуфыдэр, ди къэралым и щlыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щlэупщlэшхуэ иIэу зэрыщагъэлъэгъуар.

- Куэдым гъэщIэгъуэн, гуапэ ящlыхъуащ Хъыжрокъуэ СулътIан режиссёру икIи сценаристу зэрызыкъигъэлъэгъуар, Урысейм и кинотеатрхэм щlэупщlэшхуэ щlыпIэ «Звёздные войны» фильмым екIуэлIа цIыхухэм я бжыгъэм «По небу босиком» лэжьыгъэм еплъэхэр куэдкIэ зэрыщlигъур. Дяпэкли республикэм, къэралым и кинематографием хэлъхьэныгъэфIкэр ухэпщlыну, уи зэфIэкIым хэбгъэхъуэну дыпщогугъ, - жиIащ Таум.

- Илъэс 20 и пэкIэ Хъыжрокъуэ СулътIан къыщlысцIыхуам республикэм иц нэхъ щlалэ жыдкэр дыдэхэм ящlыцу, брэйк-данс къафэ IэужьыгъуэмкIэ гуп къызэригъэпэщlауэ, уэрэди жиIэу, республикэм щекIуэкI фестивалхэм, зэпеуэхэм пашэ щlыхъуэ зэпыту щытащ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Азычэ Светланэ**. - Иджыблагъэ трихха фильмым и гугъу пщlымэ, абы гуапагъэ, нэхугъэ къыпкърокI. Ди зэман мытыншым апхуэдэ лэжьыгъэ уи Iэдакъэ къыщlэкIыныр, дауи, екъулIэныгъэшхуэц. Фильм, лэжьыгъэ куэдкIэ иджыри дыбгъэгуфIэну, ди республикэм и цIэр жыжьэ бгъэIуну Тхъэм жиIэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ЗэIущlэр щекIуэкIым.

Къащта унафэхэр гъэзэщIэным хэкIыпIэ псори хуэзащIагъэуIуэ

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и политикэ советым и зэIущlэ екIуэкIащ. Республикэм и делегацэр партым и XV съездым зэрыхэтам теухуауэ абы доклад щищIащ «Урысей зэкъуэтым» и Генеральнэ советым хэт, партым и щlыналъэ къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Бозий Натбий.

АБы зэIущlэм кърихьэлIахэр щыгъуазэ ищlащ Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэр ягъэбелджылын папщlэ пэублэ парт IэIэтыр зэрырагъэкIуэкIыну щlыкIэм теуха Положенэр съездым хэтахэм къызэращтам. А документыр гъэхъэзырыным илъэс ныкъуэм щlигъу текIуэдащ икIи а лэжьыгъэм жыджэру хэтащ партым и щlыналъэ къудамэхэри.

Съездым кърикIуахэм я гугъу щищlым Бозий Натбий апхуэдэу къыхигъэщъхьэхукIащ «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхъыщхьэм, Генеральнэ советым хэтхэм я Iыхьэ щанэр щlэуэ зэрыхахар. А органхэр къаГъэщIэрэщIэжьын зэрыхуейм хэхауэ тепсэлъыхьащ «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщl Медведев Дмитрий.

«Урысей зэкъуэтым» и уставым къызэригъэувымкIэ, унафэщl органхэм хэтхэм я процент 15-р гъэ къэс зэрахъэжькIын хуейщ. А хабзэр ткIийуэ ягъэзащlэмэ, унафэщl псори илъэси 6 къэс кьанэ щымыIэу зэрахъуэкIынущ. Кадрхэр къызэрагъэщlэрэщlэжыр лэжьыгъэм сэбэп хуохъу, сыту жыпIэмэ, гугъуехьэр дэгъэкIыным бгъэдыхьэкIащlэ кьыхуэзыгъэтыфу цIыхухэр IэнатIэм пэроувэ», - къиГъэлъэгъуащ доклад зыщlам.

Партым и уставым, апхуэдэу пэублэ парт IэIэтыр зэрырагъэкIуэкI щlыкIэм теухуа Положенэм япкъ иткIэ зэIущlэм и кIэухым къащтащ пэублэ IэIэтыр щlыналъэ къудамэм щегъэжьIыкIымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитет. Абы цIыху 11 хагъэхьащ.

Партым къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэхэр яубзыху

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Кавказ Ищхъэрэ щlыналъэ зэхуаку зэзыгъэуIу советым и унафэщl, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий иджыблагъэ екIуэкIа XV съездым теухуауэ жиIащ:

«УРЫСЕЙ зэкъуэтым» хэхыныгъэм ирихьэлIэ и программэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр яубзыхуащ, апхуэдэу хэхыныгъэм и пэ кьихуэу партым хэтхэм яргъэкIуэкIыну IэIэтым и регламентыр кьащтащ.

Iуэху нэхъыщхьэ дыдэу жыпIэ хъунущ пэублэ парт IэIэтыр зэрекIуэкIыну хабзэр къызэращтар. Абы Iэмал кьитынущ Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэр тэмэму зэхэлъхьэныжмкIэ. Къэралым щlыэ политикэ партхэм ящlыщу «Урысей зэкъуэтым» и закъуэщ пэублэ IэIэтхэр езыгъэкIуэкIыр икIи кандидатхэм я спискэхэр зэIуахуэ, хэхакIуэхэм я Iуэху епльыкIэхэри кьэлъытауэ зэхэзылъхьэр. Иджы дэ а спискэм хэдгъэхьэнур IэIэтым щытекIуэхэрщ икIи хэхакIуэхэр зи телъхьэу щытынухэрщ».

Абыхэм кьадэкIуэу Щхьэгуэш Адэлбий къыхигъэщъхьэхукIащ «Урысей зэкъуэтыр» кьэралым зегъэужьыныжмкIэ, ар япэкIэ гъэкIуэтэныжмкIэ къыбгъэдэхуэ жэуаплыныгъэр нэсу къызыгурыIуэ политикэ кьарууэ зэрыщытыр. Партым и лIыкIуэхэм Iуэхушхуэхэр я пщэ далъхьэж икIи ахэр гъэзэщlэныжмкIэ яхуэзофIэкI кьагъанэркъым. Псом хуэмыдэу партым сэбэпышхуэ къыхуохъу властыр къэгъэщlэрэщlэжьныжмкIэ, абы жэрдэмрэ зэфIэкIрэ зыбгъэдэль, жылагъуэр къыхэзыгъэуIуэфын цIыхуэхэр къыхэщынмкIэ Iэмалхэр къызэрызэригъэпэщым.

Къэгъэльэгъуапхъэщ «Урысей зэкъуэтым» Москва щригъэжькIэ иужьрей съездым хэтахэм партым и унафэщlхэм я Iыхьэ щанэр зэрызэрахъуэжкIар. Унафэщl органхэм хагъэхьащ бизнес зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, телевиденэм и лэжьакIуэхэр, муниципальнэ къулыкъущlэхэр, еджапIэхэм я унафэщlхэр. Кавказ Ищхъэрэ зэзыгъэуIу щlыналъэ зэхуаку советым и унафэщl Щхьэгуэш Адэлбий аргуэру хагъэхьэжащ партым и Генеральнэ советым и президиумым. Генеральнэ советым апхуэдэу къыханазжащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и секретарь Бозий Натбий.

ПЕЧОНОВ Владилен.

■ Хъыбарыщlэхэр ■ Щlэныгъэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Малъхъэдис

● Министерствэхэм

Дызыхуэкlуэ мазэм къыхахынущ

Техникэ, экономикэ Iэнатlэхэм щыгъэдэлэжьэныжмкIэ къэрал зэхуаку программэм (ИТЭК) тету, Индием пщlэнщэу щрагъэджэнуэр 2016 гъэм и гъатхэпэм щхьэхуэу къащтэнущ. Ахэр хуагъэсэнущ компьютерым, иджырей бжыгъэрылажьэ техникэм, хъыбар зэIэпыкIэ технологиехэм, телекоммуникацэхэм, хьэрычэт Iуэхум, бизнес мащlэмрэ курытымрэ я гъэпсыкIэхэм, нэгъуэщlхэми.

ФИГУ къэдгъэкIыжынци, Индием техникэ, экономикэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ и къэрал зэхуаку программэр (ITEC) КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм 2003 гъэ лъандэрэ егъэзащlэ. Абы хэтщ илъэс 25-м къыщыщlэдзауэ 45-м нэс зи ныбжь къэрал кьулыкъущlэрэ республикэм и уней Iэнатlэхэм щылажьэу инджылызбзэ зыщlэхэр.

ИТЭК программэр зэрыщыту Индием и Правительствэм и мылъкукIэ яГъэзащlэ. Еджэным, псэупIэм, тхылъхэм, Iуэхум зэрыхагъэгъуэзэм, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщlэм, апхуэдэу кьыхэзыкIуэжыну кхъухьлъатэм и билетым хуэзэ псори Индием и Правительствэм и пщэ дельхьэж.

Анкетэ хьэзырымрэ (ИТЭК-м и анкетэ) а Iуэхум зэрыхэтынумкIэ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и цIэкIэ ятха тхылъымрэ (заявленэ) еджэным щlадзэным зы мазэ иIэжу Iах.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и официальнэ сайтым техникэ, экономикэ IэнатIэхэм щызэдэлэжьэныжмкIэ ИТЕК къэрал зэхуаку программэм тету Урысейм и IэщlагъэлIэр Индием зэрыщlагъаджэм хуэхаха Iыхьэм - http://economotykbr.ru/category/ites/-м, e-mail: prprogkbr@mail.ru-м хъыбархэр нэхъ зыубгъуэу щlызэбграгъэхащ, апхуэдэу 40-97-04 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.

Къэралым и чемпионатрэ зэхьэзэхуэрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къыпоплъэ

● Бгы лыжэ спорт

Iуащхьэмахуэ лъапэ и Азау губгъуэм мазаем и 18-м къыщlэзIуахынущ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ бгы лыжэ спортымкIэ я урысейпсо чемпионат. АбыкIэ ахьыбар кьидигъэщlащ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iэхуащlапlэм.

Мазаем и 14 - 21-хэм екIуэкIыну чемпионатым хэтынущ Мэзкуу, Санкт-Петербург кьалэхэм, Мэзкуу, Ленинград, Мурманск, Калугэ, Кемеровэ, Новосибирск, Магадан областхэм, Алтай, Камчаткэ, Пермь, Красноярск крайхэм, Тэтэрстан Республикэм, Къзахъстаным, Словакием икIа спортсмени 100-м щIигъу. Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIыну къыхаха лIэужьыгъуэхэр нэхъ гугъуэхэм ящlыщlущ.

ЛыжэкIэ къызэхэхыну лъагъуэхэр яГъэхьэзыращ. «Курорт Эльбрус» АО-м и кIапсэ гъуэгуищри увыIэгъуэ ямыIэу лэжьэнущ. Чемпионатыр зэрекIуэкIыну тхьэмахуэм кьриубыдэу «Кругозор-Азау» лъагъуэр зыплъыхьакIуэхэм я дежкIэ зэхуэщlауэ щытынущ. А зэманым кIапсэ гъуэгуэхэм я етIуанэ, ещанэ дэкIыгъуэхэр нэхъ пуд ящlынущ.

Чемпионатым къыдэкIуэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIынущ ныбжьыщlэхэм (зи ныбжьыр илъэс 16 - 20-м кьриубыдэхэм) бгы лыжэ спортымкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Дунейпсо чемпионатым и дамыгъэр къыах

● Футбол

ТекIуэныгъэр къэзыхьахэм къыщынэмыщlауэ, къагъэлъэгъуахэм яхэтащ Дыщэджэдым, Пелуаным, Леопардым, Космонавтым, Мыщэм, Роботым я тепльэхэр.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Афган зауэм хэтахэм я щIыхькIэ

«Налшык» спорт IуэхущlапIэм щекIуэкIащ дзэ IэпщэрыбанэмкIэ зэпеуэ. Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм Iуэхур къыззэригъэпэщащ совет зауэлIхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ илъэс 27-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и спортсменхэр зыхэта зэпеуэр къыщыкIуэлIуахым къэпсэльащ, бэнакIуэхэм ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и унафэщl **Тхьэгъэлэдж Тимур**, Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ управленэм и унафэщl **КIурашын Анзор** сымэ.

ГЪУЭТ Синэ.

★Ди къуэш республикэхэм

Псэупlэкlэ къызэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм гулъытэ хэха щыхуащl сабий зеиншэхэм. Адыгейм и Iэтащхьэ Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий зэрыжиIамкIэ, 2016 гъэм сабий зеиншэ 116-рэ псэупlэкlэ къызэрагъэпэщыну я мурадщ.***

- ИУЖЬРЕЙ илъэсихым унэ еттащ сабий зеиншэ 119-м. Нэгъабэ апхуэдэ Iуэхум республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 190-рэ, федеральнэм къыхэкIыу сом мелуан 16,5-рэ тедгъэкIуэдащ, - жеIэ Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий.

Къыхэдгъэщlынщи, илъэс кIуам и кIэм Мейкъуэпэ щатащ фэтэри 153-рэ зыхэт унэ. Абы щыщу фэтэри 109-р сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ ираташ.

Илъэс 25-р игъэлъапIэу

Лъэпкъ уэрэдхэр зыгъэзащlэ «Iсльэмей» ансамблыр илъэс 25-рэ ирикъунущ. Адыгейм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм зэIущlэ щекIуэкIащ ар зэрагъэлъапIэнум теухуауэ.

- ДИ МУРАДЩ концертхэр Черкесск, Налшык, Грознэ кьалэхэм щедгъэкIуэкIыну. Къапщтэмэ, мэлыжьыхьым и 6-м Краснодар дыкIуэнущ, жэпуэгъуэм Мэзкуу концертышхуэ щыттынущ, - жеIэ «Iсльэмей» ансамблым и унафэщl, композитор Нэхей Аслъэн.

Ансамблым Мейкъуапэ мэлыжьыхьым и 20-м зыкъыщигъэльэгъуэнущ. Араща абы теухуауэ я щlыналъэ фильм-концертым лъабжьэ хуэхъунур.

Къэзанокъуэр сенаторщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым КъШР-м и гъэзэщlакIуэ властым и плыIуэу ягъэкIуаж Къзанокъуэр Кърым.***

КъШР-м и ЦIыхубэ зэхуэсым щэ хэхыгъуэ хэта Къзанокъуэр хабзэубзыху Iуэхум зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм тригъащlэу, Темрезовым жиIащ ар и къалэныщlэм пылъхьэншэу зэрыпэлъэщынур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пщlэ зыхуэтщl ди щlэджыкIакIуэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Iэ тедзэныр зэрэнухар. Ауэ мазаем и 21 пщIондэ Iэ щIэвдзэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ. Мазаем Iым ди газетым и уасэр сом 559-рэ кIэлIейкIэ 92-рэщ.

Ди индексыр 51531

Кином и илъэсым траухуэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Артист, режиссёр, журналист цІэрыІуэ Іусейн Олег къытеувыІащ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу ТІэмыргуей Валентин, Шыбзыхъуэ Басир, Къунижь Алим, Кулиев Кьайсин и цІэр зезыхьэ Балькъэр къэрал драмэ театрым и артисткэ Байзулаевэ Роэз сымэ я ГъусэУ фильмым щыджэгуну къызэрыхихуам, кином и мыхьэнэм, абы зыхуэша гупсысэхэм, Хъыжьрокъуэм лэжьыгъэр къызэрехьэлІам, адэкІи щІэупщІэ иІэну зэригуапэм.

ЗэІущІэм кърихьэлІа щІалэгъуалэр Хъыжьрокъуэ СулътІан и мурадыр къызэрехьэлІамкІэ ехъуэхъуащ икІи жаІащ «По небу босиком» фильмыр ягу зэрыдихьар, абы къыхэщІыхьужь нэхъыщхьэхэм зыхащІэ лъагъуныгъэм къарушхуэ зэриІэр, ехъулІэныгъэ щалэкІэ ядэгугфІэу, гуэзэвгъуэ къащыІыкъуэкІкІэ ядэнэщхъейуэ, языныкъуэхэм и деж я нэпс къафІекІуэу зэреплъар.

ЩІалэгъуалэр зыщІэупщІахэм жэуап иритащ Хъыжьрокъуэм. Ар нэхъ зыубгъуауэ къытеувыІащ кином щыджэгунуэр къызэригъэтам, абы ящыщ языныкъуэхэм ящІэ зэрырихьэлІам, адрейхэр куэд щІауэ зэриГъэныбжьыгъуэм, фильмым и сюжетыр гъащІэм, абы хилъагъуэ лъапІэныгъэхэм, Іэху зэІумбзхэм къызэрыхихам, лэжьыгъэр щагъахьэзырым зрихьэлІа гугъуехьхэм, фильмыр сыхьэтитКІэ екІуэкІыу трахами, Москва щыщ я лэжьэгъуэхэм ар сыхьэт ныкъуэкІэ зэрагъэкІэщІам, нэгъуэщІхэми. Апхуэдэу къыхигъэщащ я къалэн нэхъыщхьэр - фильмыр техным халъхьа мылъкур къегъэлэжьыжьныр - фІыуэ къаззрехьлІар. СулътІан жиІащ, мы гъэм лэжьыгъитІ къыдагъэкІыну зэрамурадыр икІи абы щІалэгъуалэр къухуриджащ я хъуэпсапІэхэм лъэІэсыным зэфІэкІрэ къарууэ яІэр ирахьэлІэну, ІэхуущІэхэм тегушхуэну, заужьыну.

Зэхьихьэм къыщыпсэлъащ фильмым щыджэгуаэху КъБКъУ-м гъуазджэхэмрэ хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ и факультетым и декан, пародист Дым Елдаррэ КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэт АфІэунэ Къантемыррэ, КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкІэ, печатымрэ цІыхубэ коммуникацхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Пащты Борис сымэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Лей къатемыхьэн папщІэ

Тутнакъэщым ис цІыхум хьэзабрэ цІыхугъэншагъэрэ, пудныгъэрэ лейрэ кІэлъыІэрамыхьэнымкІэ европей комитетым (ЕКПП) и лІыкІуэ гуп щы Іащ Урысейм Тезырхэр егъэпшынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и Іуэхущапэхэм.

ЕКПП-м и лІыкІуэхэу Гусейнов ЛатІиф, Рашкаускас Витаутас, Дефинис-Гоянович Марие, Фойле Жанет сымэ зыщагъэгъуэзащ хабзэм ебэкъуауэ зыхуагъэфащэхэр, ягъэкъуаншэхэр, суд зытращІыхьахэр зэрагъэІуцІыкІэм. Абыхэм зрагъэлъэгъуащ тутнакъэщым щыІэкІуэ хабзэр зымыгъэзащІэр пІалъэкІэ щалІыгъ пэшхэр, къыщакІухь пщІантІэхэр, шхапІэхэр, я пэшхэр. КъыщынэмыщІауэ, комиссэм хэтхэр еплъащ тхъэусыхафэр зейхэм я тхьилъхэм, медицинэ дэфтэрхэм, ягъэтІысахэм епсэлъащ.

ИужькІэ ЕКПП-м и лІыкІуэхэр Іущащ КъБР-мкІэ УФСИН-м и унафэщІ къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Мэрзэхъу Мухьэмэд. Ахэр куэдым тепсэлъыхьащ.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущапэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Іулъхьэр ямыдэу

Республикэм щекІуэкІа «Стоп коррупция!» Іуэхум хэтащ Бахъсэн щІыналъэри. А куейм хыхьэ Ислъэмей къуажэм дэт школ №24-м пэкІу къыщыІэзрагъэпэщащ.

АБы хэтащ Бахъсэн районым и администрацэм хабзэхъумэ Іуэхущапэхэм ядэлэжьэнымрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ и управленэм и унафэщІ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыпІэ къудамэм и унафэщІ Дыщэкі Жаннэ, щІыпІэ администрацэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ КъуэщІысокъуэ Юлие, районым и щІалэгъуалэмрэ жылагъуэ лэжьакІуэхэмрэ.

- Илъэс къэс ди къэралым Іулъхьэ Іуэхуэкіэ жэуапым щрашалІэ цІыху 3000-м нэблагъэ. А бжыгъэр ин пэтми, абы хабжакъым къыщІамыгъэщащІэпхъаджагъэхэр. Мыхьэнэ едмыт щхьэкІэ, махуэ къэс дрохьэлІэ сымаджэщхэм, ЖЭК-м, еджапІэхэм Іулъхьэ щыІахьыу, - жиІащ Тохъутэмыщ Мухьэмэд.

ПэкІум кърихьэлІахэм ираташ Бахъсэн районым Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ уздэпсалъэ хъу телефоныр зытет махуэгъэпс цІыкІуэхэр.

АБАЗЭ Лерэ.

● ЩІэныгъэ

КъБКъУ-м ныбжьыщІэхэр егъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ инноваци проектхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщу абы хэта щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я проект 70-м нэс щагъэлъэгъуащ.

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлІат КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министрым и къуэдзэ Инжьыжокъуэ Сэфарбий, КъБР-м и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я советым и унафэщІым и къуэдзэ Долбин Игорь, КъБКъУ-м инноваци лъэжьныгъэмкІэ и проректор Малкандуев Юсуф, университетым и химие къудамэм и кафедрэхэм языхэзым и унафэщІ Хьэшыр Светланэ сымэ, Налшык къалэ школхэм я еджакІуэ цІыкІухэр.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм, Малкандуевым къыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьа проектхэр иджырей щІалэгъуалэр щІэныгъэм зэрыдихьэхым и щыхьэту зэрыщытыр.

- А Іуэхугъуэм дэ икъуэкІэ дыщогуфІыкІ икІи догугъэ адэкІи я зэфІэкІхэм хагъахъуэ зэпыту ди щІалэгъуалэр щІэныгъэм лъэ быдэкІэ хэтыну, - къыжиІащ профессор Малкандуев Юсуф.

ЩІэныгъэхэм я унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым ехьэлІат ныбжьыщІэхэм утыку кърахьа лэжьыгъэхэр. А махуэм КъБКъУ-р гупсысэкІэщІэхэр зэхуэзышэ «лъэмыж» хъуами ярейт.

Къагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм хэпльа нэужь, къэпщытакІуэхэм текІуахэм я цІэ краІуащ. Апхуэдэу, КъБКъУ-м щагъэхьэзыра проектищ-рэ КъБКъАУ-м я лэжьыгъитІрэ нэхъыфІу къалытащ. Волгоград къалэмрэ Осетие Ищхъэрэмрэ къыкІахэм къагъэлъэгъуа къэхутэныгъэхэри нэхъыфІхэм хабжащ. Зэхуэсым хэтахэм щыщ зыри гулъытэнщэу къагъэнакъым. ТекІуахэм щыхь тхьилъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

УЭЛДЖЫР Аринэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущапэм и лэжьакІуэ.

● Къэхутэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым дыщэ къыщІэхьыпІэ къыщыунэхуа?

ЗэхуащІыжауэ иджыпсту мылажьэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ дыщэ гъэтІылъыгъэшхуэ щыІэу щІэныгъэлІхэм кърагъэлъэгъуащ. Апхуэдэ хъыбар «Кавказыр нобэ» интернет-сайтым и корреспондентым къыжриІащ «Къэббалъкъгеологие» ООО-м и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэ Емкъуж Мулиб.

ИЛЪЭС зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым дыщэ къыщІэхьыпІэ къыщалъыхьуэ. Апхуэдэ щыІэу хуагъэфащэрт Іуащхьэмахуэ районым хьыхьэ Тырныауз кърагъэ и Іэгъуэблагъэм. Иджыри къэс гъущІ лъапІэхэр здэщыІэ щІыпІэхэм мызэ-мытІэу ирихьэлІат, ауэ абыхэм я гъэтІылъыгъэр мащІэ дыдэт. ИкІэм-икІэжым къэхутэныгъэхэм хьерышхуэ къапыкІа хуэдэщ. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ зэхуащІыжа Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ дыщэ гъэтІылъыгъэшхуэ щыІэу щІэныгъэлІхэм иджыблагъэ къалъытащ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы и куэдагъэр тонн 200-м нэблагъэнущ.

- Геолого-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм адэкІи пыщэн хуейщ, хуэдгъэфащэ дыщэ гъэтІылъыгъэхэр абдежым зэрыщІэлъыр наІуэ дыдэ тІщІыуэ, ахэр къыщІэхьыным ящІ ихьэн папщІэ, - жиІащ «Къэббалъкъгеологие» ООО-м и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэм. - А хъугъуфІыгъуэр кууэ зэрыщІэмылъым къыхэкІыу щІым къыхэгъэкъэбзыкІыныр гугъу хъунукъым икІи фІагъ лъагэ зиІэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы махуэхэм

Мазаем и 13, *щэбэт*

♦Радиом и дунейпсо махуэщ

♦1830 гъэм дунейм къытехьащ Урысей къэралыгъуэм и законхэр щызэхуэхьэса тхьилъхэр. Ахэр том 45-рэ хъурт.

♦1842 гъэм урысей пащтыхь Николай Езанэм Санкт-Петербург - Москва гъущІ гъуэгур ухуэным теухуа унафэм Іэ щІидзащ.

♦1895 гъэм дунейпсо кином и лъабжьэр ягъэтІылъащ - Люмьер зэкъуэшхэу Луирэ Огюстра ящІа, кино зэрытрах япэ аппаратым и патент кратащ.

♦1924 гъэм Ставрополь щІыналъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Венгриеи и къалащхьэ Будапешт нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1980 гъэм США-м хьыхьэ Лейк-Плэсид къалэм къыщызэІуахащ XIII щІымахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр мазаем и 24-м зэхуащІыжащ.

♦1988 гъэм Калгари (Канадэ) къыщызэІуахащ XV щІымахуэ Олимп джэгухэр. Абы щыгъуэщ фристайл, шорт-трек спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ япэ олимп зэпеуэхэр щекІуэкІар. Олимпиадэр мазаем и 28-м зэхуащІыжащ.

♦Урыс тхакІуэшхуэ **Крылов Иван** къызэралъхурэ илъэс 247-рэ ирокъу.

♦Кавказым и тхьдэр зыджа, адыгэхэм куэдрэ ятетхыха, жылагъуэ лэжьакІуэ **Щербинэ Федор** къызэралъхурэ илъэси 167-рэ ирокъу.

♦Урыс уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, Совет къэралыгъуэм и япэ цІыхубэ артист **Шаляпин Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик **Льостэн Чэлимэт** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщі, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъыдэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦СССР-м щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тарасовэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, Адыгэ Республикэм и лъэпкъ театрым и художественнэ унафэщІ, УФ-м и цІыхубэ артист **Куко́нэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Израилым щыпсэу дзэ къулыкъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Рихьэние къуажэм щыІэ Адыгэ музейм и унафэщІ **Хъун Щэукъуий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Мазаем и 14, *тхьэмахуэ*

♦ФІыуэ зэрылъагъуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Аэрофлотым и махуэщ

♦Компьютерыр зэтезыухуэм и махуэщ

♦1952 гъэм Норвегием и къалащхьэ Осло къыщызэІуахащ VI щІымахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр мазаем и 25 пщІондэ екІуэкІащ.

♦2005 гъэм иджыпсту цІыху куэд дыдэм къагъэсэбэп хъуа YouTube сервисыр къызэрагъэпэщащ.

♦Кавказым и тхьдэдж, адыгэхэм куэдрэ ятетхьыха генерал-лейтенант **Поттэ Василий** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

♦Франджы сурэтыщІ цІэрыІуэ **Моне Клод** къызэралъхурэ илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Урысей еджагъэшхэу, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Капицэ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, 1997 - 2000 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Акъбащ Борис** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым я лауреату щыта **Герман Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦КъБР-м промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, политик **Атэлыкъ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» фракцэм и унафэщІ **Миронов Сергей** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Батыр Умар** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыІэ зиІэ и журналист **Къардэн Маринэ** къыщалъхуа мазэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 9, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мазаем и 15, *блыщхьэ*

♦Лышх узыр зэфыкІ сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ я къалэн ягъэзащІэу нэгъуэщІ къэралхэм щыхэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъ махуэр

♦Серб Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ

♦Канадэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ

США-м и президентхэм я махуэщ

♦1895 гъэм макъамэм щыхурагъаджэ урысей академиер, Гнесинхэм я цІэхэр зезыхьэр, къызэрагъэпэщащ.

♦1919 гъэм Петроград къыщызэрагъэпэщащ Драмэ Театр Иныр.

♦1947 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кыдигъэІащ совет цІыхухэм нэгъуэщІ къэралхэм щыщхэм нэчыхь хуаІэну хуит зымыщІ унафэ.

♦1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1989 гъэм советыдзэхэр Афганистаным къишыжьныр зэфІэкІащ.

♦Тэтэр усакІуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Джалиль Муса** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Япэ адыгэ сурэтыщІ-скульптор **Къалмыкъ Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Зумакулов Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыдакъ Рашид** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Израилым щыщ, щІэныгъэхэм я доктор, Кавказымрэ Шэрджэс щыналъэмрэ ятеуха тхыгъэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа **Хъун Яхьа** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 13, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щымыіэм жэр щІыхьэркъым.

● Мини-футбол

УФМС-р аргуэру токІуэ

«Налшык» спорткомплексым иджыблагъэ щекІуэкІащ мини-футболымкІэ КъБР-м и чемпионат. Илъэс еханэ хъуауэ зыри къапэлъэщырыкъым Тут Анатолэ къызэригъэпэща КъБР-м ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ и Іуэхущапіэм и лэжьакІуэхэм я командэм.

АПХУЭДЭ ехъулІэныгъэр абыхэм тыншу къайхъулІауэ щыткъым. Гупым и унафэщІым зэпеуэм хэтыну нэхъ жыджэрэр къыхихыурэ егупъуу игъэхьэзыращ. ИкІи мы зэпеуэм фІыуэ зэрызыхуагъэхьэзырам и фІыгъэкІэ зыми хагъэщІэфакъым.

ЕтІуанэ увыпІэр зыІэрагъэхьащ Налшык къалэ дэт «Хлопковый рай» гупым. Ещанэ хъуащ МЧС-м и футболистхэр.

Чемпионатым къыщыхэжаныкІахэщ Тэхъу Залым, Кульбаев Марат, Балэ Альберт, Джэрыджэ Заур, Шортэн Рустам, Хьэбэчыр Мурат сымэ. Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Мысыр Ибрэхьим саугъэт щхьэхуэр хуигъэфащащ текІуэхэм я гъэсакІуэ Тут Анатолэ.

Кубокэмрэ медалхэмрэ пашэныгъэр зыубыдахэм яритащ КъБР-м спортымкІэ министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн. Абы и псалъэм къыхигъэщащ мы чемпионатым Іэзагъышхуэхэлъуди спортсменхэм зыкъызэрыщагъэпъэгъуар.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

● ХъыбарегъащІэ

ЩІалэгъуалэр зэподжэж

Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщі гъуазджэхэмкІэ музейм «Къру хужьхэр» литературно-поэтикэ пшыхьыр махуэм и 18-м сыхьэт 17-м щекІуэкІынущ.

ХЭКУМ и хъумакІуэм и махуэм теухуа пшыхьыр къызэрагъэпэщащ Налшык къалэм и ЩІалэгъуалэ советым и жэрдэмкІэ, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм Физкультурэмкіэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и управленэр я дэІэпыкъуэгъуу. Пшыхьым хэтынущ ветеранхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. Ныбжьыщ Іэхэм утыку кърахьэнущ зауэм теухуауэ езыхэм ятха усэхэмрэ уэрэдхэмрэ.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэр Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт **Ащнокъуэ Олег Анурбий и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Жанкъуэлей Къэрэжан Къэсей и пхъур** зэрыпІам къыхэкІыу.

● Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу

Сержант нэхъыжь

**1941 гъэт, щIышылэ мазэт. Дзэлыкъуэ къуажэм щыщ зи къару илъыгъуэу военкоматым ираджа щIалэгъуалэ гупыр, Iэпкъльэпкъым хыхьэ щыIэри кърамыдзащэу, хъыбархэр жаIэжу, гушыIэжу зэхэтхэт, къеплъыну дохутыр комиссэм пэплъэу. Арати, псори зэфIыхьэри, зэрыгъэщIалэхэр щIашэурэ къеплъу щIадзащ. Чэзур Аслъэнбий и деж щынэсым, япэ зригъэщIри, дохутырым жриIащ: «ПщIэ зыхуэсщI дохутыр! Сэ зыри силажьэкъым, сыузынышэ. Апхуэдэу щыщIаткIэ, уи зэманыр сэ кьыстумыгъэкIуадэу, дзэм кьулыкъу щызыщIэну вгъакIуэхэм сэри сахэтхэ...»

- АР ХЪАРЗЫНЭЩ, ныбжьэгъу, ауэ дыномыплIу хъунукъым, дыхуиткъым, хабзэр пщIэркъэ? Уи унэцIэр, уи цIэр къыджеIэ...

Дохутырым и упщIэ псоми зэхэщIыкIыгъуэу жэуап ирита нэужь, Аслъэнбий и узынщагъэр зыхуэдэм кIэлъыплъын щIадзащ.

- Пэжщ, Къармэ и къуэ, жыIэпIэр, уи узынщагъэр зэпэщщ, хьейт жегъэIэ, ущIэкIыж хъунущ.

- КъыкIэлъыкIуэр!... - жери дохутырыр къоджэ. Мис апхуэдэу комиссэр къеплъын зэфIокIри, Аслъэнбий яхэту щIалэ гупым къыздикIа Каменномост къуажэмкIэ яунэтIыж.

А илъэс дыдэм - 1941 гъэм - Май мазхуэшхэр игъэльапIэ нэужь, Аслъэнбийрэ и къуажэгъу щIалэ гупрэ Дзэ Плъыжьым ираджащ къулыкъу щащIэну. Мазэ нэхъ дэмыкIыну Хэку зауэшхэр къэхъеящ...

Хэкум къытеуа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм лешхуэз зэрахьэрт, къуажэхэр зэтрах ыгъэрт, фабрикхэр, заводхэр зэтрагъахьэрт, ди цIыхухэр зэтрауIэрт... А лъэхъэнэ бзаджэм ерыщу бийм пэщIэта дзэ зауэлIэхэм ящыщщ Къармэхьэбгъ къуажэм щыщ Къармэ Аслъэнбий Мыхьэмэтджэрий и къуэр.

Зауэм щыщIидза япэ махуэ хьэлъэхэр игу кьиргъэкIыжурэ Аслъэнбий кьиIуэтэжащ:

«А зэманыр псом ди дежкIи гугъэт, слъэгъуакIэр моуэ си нэгум щIэтым хуэдэщ иджыри. А дэ ди нэгу щIэкIахэм хуэдэхэр зэи пщыгъупщэнукъым.

- Сэ 362-нэ фочауэ полкым сыхэтащ. - Тэрч лъэныкъуэмкIэ щыщу Къандрокъуэхэ Сэдинрэ, сабий унэм щапIа урыс щIалэ хьэлэмэт Дундэ зи унэцIэмрэ хуабжу си ныбжьэгъуэт.

ЗауэлIэм дыдуэхэри, япэ дыдэу нэмыцэ фашист зауэлI си нэкIэ щысIъэгъуар Киев пэмыжыжьэу щыIэ Белая Церковь къалэрщ.

Ди взводым и командирым унафэ къытхуищIри, тIэмыжыжьэу щыIэ совхозым нэмыцэ тесрэ темысрэ зэдгъэщIэн мурадкIэ тIасхъэщIэх сигъэкIуат Дундэрэ Къандрокъуэмрэ си гъусэу. Нэмыцэ темысу къытфIэщIа щхьэкIэ, дыщыуат. Ахэр унащхьэмкIэ къиукIыж щIадзащ. Абдеж Дундэ щаукIащ, адрей си ныбжьэгъу Къандрокъуэм и лъакъуитIри уIэгъэ ящIащ, сэри си Iэ сэмэгур зэпыудэуэ, псэкIэ сыкъыIупщри, дыдейхэм сахьыхэжащ. Iэхэр зыIутым щыгъуазэ хъуа ди зауэлIэр фашистхэм я щIыбагъымкIэ дыхьэхэри, нэмыцэ 400-м нэс гъэр къащIащ. А махуэм си ныбжьэгъу яуклари щIалъхьэжащ, адрей адыгэ щIалэри къыIуахащ, сэри Полтавэ деж сымаджэщым срагъэшащэу щытащ».

Иужьым нэмыцэхэр а щIыпIэмкIэ къыщебгъэрыкIуэм, сымаджэщыр Сочэ къалэм игъэIэпхъуэ. Къармэм аргуэру абы мазитIкIэ къыщIоIэзри, и уIэгъэр ягъэхъуж. Комиссэ къоплъри, «Рабочэ батальоным» удгъэкIуэнущ, къыжраIэ. АрщхьэкIэ Аслъэнбий абыкIэ арэзытэкъым, етIуанэу комиссэ зрегъэпIэ икIи ткIийуэ яхуегъуэ фронтым зэрригъэзэжынур. ЖиIэм зэрытемыкIынур къызыгурыIуа дохутырым ипэкIэ итха тхьылъымпIэр Iуехьжри, зэуапIэм ягъэкIуэжыну щхьэхуэу ятха гупым яхегъэхьэж. А махуэ дыдэм Къармэр ягъэкIуащ 81-нэ тенджызь бригадэ щхьэхуэм икIи зэрынэсу зауэ гуащIэм Iухьащ. А зэхэуэм бийм и топышэ къэуэжам и хутахуэжь зыбжанэ Къармэм къытехуащ. Сымаджэщым яшэри абыхэм ящыщ зыкъомыр къыхахыжащ, адрейхэр кьыхахыж мыхьуу и щIыбфэм кьыхэнати, иужькIэ къелэзащ.

Аслъэнбий ягъэхъужу сымаджэщым къыщIэкIыжа нэужь, тенджызь дзэ бригадэм игъэзэжри, абы яхэту Волгэ IуфэкIэ икIуэтащ. ЗэрыпхъуакIуэхэр зы махуэм хэкърэ къыкIэпхъикIуэм нэхъ Iейуэ кьебгъэрыкIуэрт икIи абыхэм ягугъэ зэхьэсыжа я текIуэныгъэкIэ зауэр икIэщIыпIэкIэ яхуэхъуащ. АрщхьэкIэ, Гитлер и мурад фIейхэр къехъулIакъым.

Ар абы кьехъулIэнт, совет цIыхубэм и къару лъэщыр щыIэу, Къармэм хуэдэ зауэлI ибгъуэжу, ерыщу мелуанхэр ящыщIэуэ ВакIэ?!...

Фашист зэрыпхъуакIуэхэр къыщебгъэрыкIуэ зэман хьэлъэм къикIуэтакъым Къармэр. Ар нарт къару хэлъу, адыгэлI хуэдэу щIэзэуащ щалъхуа и хэкум, щIэблэм я насып къэкIуэнум.

Ди дзэм я дежкIэ икъукIэ хьэлъэу щытащ 1942 гъэр. Фашист зэрыпхъуакIуэхэм я къару нэхъыщIыкIэр кьрахьэлIауэ Волгэ Iуфэ Iут Сталинград кьалэм кьебгъэрыкIуэрт. Бийм и кхъухьлъатэхэр, бомбэхэр, лагъымхэр увыIэрэтэкъым. Зобгъэдэт цIыхуитIыр зэрыльагъуртэкъым, дунейр Iугъуэмрэ гъниымэмрэ зэщIащтат. Уафэри щIыльэри гъзырт...

Сталинград деж ди зауэлIэхэр мывэ быдэм хуэдэу бийм зэрыщIэпщIэтар мыпхуэдэу игу кьегъэкIыж Къармэм:

«Псори зэрыщIыгъуэзэщи, «Мамай и Iуащхьэ» жьхуаIэ зауэлIэр псом нэхъро нэхъ гуащIэ дыдэт. Сэ сахэтащ «Мамай и Iуащхьэр» зыхъумахэм. Си гум куэдрэ къоКIыж, жэщмахуэм и кIуэцIым бийм и танккэр куэду, абыхэм я щIыбагъым лъэсыдзэхэр зхьэпIацIэм хуэдэу, кхъухьлъатэхэр ди цхьэщыгум итрэ топышэхэр кьытхэгъэльапъуэ зыкъзэрыдзэбгъэрыкIуэ щытар.

Зауэр зэрыщIидзэрэ слъэгъуатэкъым ди зауэлIэхэм Сталинград деж щызэрахьа лIыгъэм хуэдэ. «Е дылIэн, е бийм дытекIуэн» - арат ди зауэлIэхэм я тхъэрыIуэр. Адрей ди дзэхэм хуэдэу сэ сызыхэта ди полкри кьикIуэтакъым. Ар гъущI быдэм хуэдэу бийм пэщIэтащ, ахэр зэтраукIащ. А текIуэныгъэ иным ди дзэхэм гушхэуэнгъэшхэр къахилъхьат, псоми ди гуфIэгъуэр гъунапкъэншэт»...

Фашистхэм я танкхэр куэду кьыщебгъэрыкIуэм сержант нэхъыжь Къармэм и взводым и зауэлIхэм яхоплъэри яжреIэ: «ЛIы хуэдэу фыщыт!»

ЯIэ ит танкхэр метр 20-25-рэ хуэдизкIэ гъунэгу къызэрыхъуу Къармэм и гранатэ зэкIэрыщIар идэри, бийм и зы танк икъутащ. Ар зыльэгъуа зауэлIхэр нэхъ къагушхуэри, бийм и танк 11 а зэхэуэм щызэтракъутащ, Абыхэм Iугъуэр къащхьэщихыу губгъуэм кьранэри, адрей фашистыдзэхэм ягъэзэжащ. Къармэм кьыхуащI пщIэр абдежым нэхъри нэхъ лъагэ щыхуащ. Абы и взводым хэтт урыс, украин, куржы, азербайджан, нэгъуэщI лъэпкъхэм кьахэкIа зауэлIхэри. А псоми абы пщIэшхэх кьыхуащырт, езыри пэжу кьуэшым хуэдэу ябгъэдэтт, зауэлIхэм я гугъуехьри гуфIэгъуэри ядиIыгъу.

Зэгуэрым ди зауэлIхэм ящыщ гуп, Къармэри яхэту, тIасхъэщIэх Ботанск ягъэкIуащ. Абыхэм зэхахащ урысыбзэкIэ къэIу уэрэдыр. Аслъэнбий макъым едаIуэу кьанэри, адрейхэм ихъуреягъыр зэпаплъыхьу щIадзащ. Къармэр сакъыуэрэ щыдаIуэм, къыгурыIуащ уэрэдыр и щIыбагъымкIэ къызэриукIыр. Тэлай дэкIри, и тхъэкIымэм цIрых макъ къыIуащ. КъызэплъэкIжа, бийм я тIасхъэщIэх къыкIэщIэпщхьэу арат. АрщхьэкIэ Аслъэнбий и фочыр гъэпкIауэ и ыгъэри, япэу еуэри, нэмыцэр ирикIащ. Абдежым уэрэд макъри зэпыуащ. Бийм игугъат урыс уэрэдымкIэ ди зауэлIхэр кьиIэапцIэу гъэр ищIыну, арщхьэкIэ езыхэр кьапхъэным ихуащ. Ди тIасхъэщIэххэм къаубыдащ фашист офицер икIи зыхуея псори кьрагъэIуэтащ. КъищынэмыщIауэ, гъэр къащIри, штабым яшащ совет зауэлI фащэкIэ хуэпа нэмыцэ тIасхъэщIэх 12.

1943 гъэм и щIымахуэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Кавказ щIыналъэм щрахужьым, Ростов пэмыжыжьэу бийм быдапIэ лъэщ щиухуат. Ар кьащтэну ди дзэхэр щебгъэрыкIуэм ротэм и командирыр уIэгъэ хьэлъэ хъури джэлащ. Апхуэдэу щыхъуам, взводым и командир Къармэ Аслъэнбий унафэр и пащхьэ дохуэ. Абдеж зэхэуэ гуащIэ щаублащ. Абы хэту Къармэм и пащхьэм топ кьыщIуащ. Аслъэнбий зыкъыщIидзэжам и лъакъуэ пэтыжтэкъым. Къармэр зыщIэхъуэпсыр зыт «Зауэ гуащIэр иухыху бийм пэщIэтыныр, ар абы кьызэремыкъулIари икъукIэ иту кьеуэрт. АрщхьэкIэ Къармэм и хъуэпсапIэр нахуапIэ ящIащ езым и гъусахэм, совет зауэлIхэм.

Аслъэнбий куэдрэ щIэлъащ уIэгъэщым, ныкъуэдыкъуагъэ бгъэдэлъу кьалъытэри, унэм ягъэкIуэжауэ щытащ.

Зэман докI, зауэм зэхихьуа цIыхубэ хозяйствэр, псэукIэр хуэм-хуэмурэ зэтоувэж. Зы махуэ гуэрым, зэманыр щэджагъуэкъеГъэзэкI хъуауэ, Къармэхэ я кузбжэм зы машинэ псынщIэ гуэр кьыIульэдащ. Абы лIищ кьикIащ. Зым дзэ фащэ щыгът. Дзэлыкъуэ куей военкоматым и лэжьакIуэ лIы пIащэ Хьэзрэт я гуэсэти, «Аслъэнбий!» жиIэурэ маджэ. Аслъэнбий щIэкIри сэлам ярихащ, ауэ хъэщIэр ицIыхуркъым.

- Адыгэм ди хабзэщ, - жиIащ бысымым, - хьэщIэр унэмкIэ иригъэблагъэу, фыныщIыхьэ, ди шыгъупIастар хьэзырщ...

- Уэлэхьи, Аслъэнбий, деблэгъэну арамэ, дэри дыкъыщIыкIуар, берычэт бесын. Дэ щыри военкоматым дыщолажьэ, - жиIащ Хьэзрэт, - мы ди гъусэ подполковник лIыр ди военкомщ, уэ пцIыхуркъэ ар?

- Уэлэхьи, емыкIу сыкъэзмыщI, ныбжьэгъуэ, сымыцIыху, пэжыр жыIэн хуейщ, - хьэщIэм гупсхуэу еплъащ Аслъэнбий.

- АтIэ, Къармэ и къуэ, Сталинград зэуапIэм фыщыIутам Тисленкэ и унэцIэу уи взводым хэтауэ пщIэкрэ?

Подполковникыр хэкъуэтэри, Аслъэнбий кьыблэдэхьащ: мис уэ упхуэду щыта си уIэгъэм и дыркъуэр, - и пщэм телэбэурэ кьрегъэльагъу.

Сталинград зауэ лыгъэр Аслъэнбий и нэгум заращIэу кьыщIоувэж, икIи мэлэбэри и хьэщIэм Iэплпэ хуещI. ТIуми я нэпсыр кьежэхащ. ЯIэт а тIуми я гущIэр зыгъэпIейтеин гукъэкIыжэдэ. Абы и щIыхьэтт лIы нэпсыр...

Щытхэр зы тэлайкIэ щым хъуащ. ХьэщIэмрэ бысымымрэ зэпэщIэкIуэтыжащи, зоплъыж, кьеклуа я нэпсхэр щIалъщIыкI.

- Уэращ си гъащIэр къезыгъэлар, ныбжьэгъу Къармэ, пщIэкрэ а махуэ лыгъэр, Мамай и Iуащхьэр, танкхэр, ди щIытIыр, абы щыхэкIуэда ди ныбжьэгъуфIхэр, - жеIэ Тисленкэ.

Къармэм псалъэ пимыдзыжу, и щхьэр мащIэу иригъэзэкри, гупсысащ, сэ сщIэжыр абы и закъуэжым жыхуиIэ щIыкIэу, икIи псынщIэу кьыдэплъеижри пщIантIэмкIэ и Iэр ишийуэр нэщхъыфIэу хьэщIэхэм яжриащ: «Си унэр фи унэщ. ФынакIуэ, си ныбжьэгъу лъапIэхэ!».

ХьэщIэхэр еблагъэри, жащым гуфIэжу зэхэсащ, куэд ягу кьагъэкIыжащ.

Аслъэнбийрэ абы и щхьэгъуэрэ КIулилэрэ насыпыфэIу, пщIэ, нэмыс я зэхуаку дэлъу, унагъуэ дахэу зэдэпсэуащ. Абыхэм бынипщI зэдгъуэтащ. Ахэр нобэ я ада-анэм я нэмысым, я цIыхугъэм хуэфащэу мэпсэу, мэлажьэ.

Зи гъащIэ псор щапхъэ, щалъхуа хэкум и щIыхьэр бий бзаджэм щыхъумэжыным зи щхьэр, зэфIэкI псори хэзылъхьа зауэлI хахуэ, сержант нэхъыжь Къармэ Аслъэнбий Мыхьэмэтджэрий и къуэм и фэеплъыр ди лъэпкъым и тхыдэм кьыхэнащ.

ДЫКЪЫНЭ Хьэмид.

● Тхыдэ къэхутэныгъэхэр

Лермонтовыр щэхуу яукIа?

**Урыс усакIуэ цIэрыIуэ Лермонтов Михаил и кIэуэдыкIам псори дыщыгъуазэ хуэдэщ. Ауэ иужькIэ къыкъуэкIыж. Тхыгъэхэм щэч уагъэщI абы и пэжыпIэр дымыщIэу, уеблэмэ политикэ Iуэху хэту ар яукIауэ. УсакIуэшхэм теухуауэ урыс тхакIуэ Паустовский Константин и Iэдакъэ къыщIэкIа «Разливы рек» повестыр мыпхуэдэу еух: «Иужь дыдэу абы (Лермонтовым) гу зылъитаращ: Мартыновым и кIэрахъуэ уэ макъым щIыIуу. Iуащхьэ зытетым и лъабжьэм щIэт чыцэ гуэрэным къыхэIукIауэ къыфIэщIащ фоч уэ макъ». Паустовскэм щыгъуазэ дызыхуищIа мы Iуэхугъуэр щитхым тегъэщIапIэ ищIар зи гъащIэр Псыхуабэ щызыхьа Швамбергер и тхыгъэрщ. «Перкаль къырым пэгъунэгъуу къыщыхъуа гуэвэгъуэ» жыхуиIэрщ. Абы зэрыщыжиIэмкIэ, зи лIэгъуэр къэблагъа къэзакъ лIыжь гуэр КIуащ чристэн дин пэжыакIуэм деж, и щIалэгъуэм IэщIэщIа гуэныхьыр щхьэщихыну елъэIуу. Къэзакъым зэриIуэтэжамкIэ, и щIалэгъуэм щыгъуэ зэхащIыхьа щIэпхъаджагъэм щхьэкIэ суд Iуэху зримыгъэщIыну и командирхэм я унафэкIэ чыцэм зыхигъапщкIуэри иукIащ зы офицер гуэр, нэгъуэщI офицеримрэ абырэ щIакIуэ кIапэ ззэдытеуваз щыIэпIэувам ирихьэлIэу. ИпIэс зыбжанэ дэкIа нэужьыц къэзакъым къыщищIар абы ІэщIэкIуэдар зэры-Лермонтовыр ...

1950 ГЪЭХЭРЩ мы хъыбарыр хэIущIыIу щыхъуар. Абы щыгъуэ а хъыбарым апхуэдизкIэ цIыху куэд къигъэубэлэцати, комиссэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщауэ щытащ суд IэнатIэм пщIэ цIыху докутырхэр, хирургхэр, тхыдэтхэхэр яхэту. А зэрызехьэр идеологие лъабжьэм хуащIну я гугъащ. Лермонтовыр ирагъэуклар пэжмэ, а Iэхум и зэхэублакIуэу убж хъунут усакIуэр фIыуэ зымыIъагъуу щыта пащтыхь Николай Езанэр. АрщхьэкIэ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа хъыбарыр комиссэм лъабжьэнщэу кьиIытащ. Идеологиер тегъэщIапIэ зыщIыну хэтахэм я мурадыр кьемыхьулIэу пэжыр сэтей кьыхъужа хуэдэт, ауэ Iэхэр и кIэм нэсу зэхэкIа хъуакъым.

Джынэ Вяземский Павел мыпхуэдэ сатырхэр итхыгъащ: «Лермонтовыр зэрауклар кьыщищIэм, Николай Езанэм жиIащ: «Хьэм игъэтыжар хьэ лIэкIэщ». Ауэ пащтыхьым и шыпхъу Марие а пащтыхьэр щызэхихьам кьыззэщIэнащ икIи, и дэлъхуэм и жьэм кьыжьэдэкIар и жагъуэ зэрыхъуар кьыригъащIэу, ней-нейуэ епIащ. ТIасхъэщIэм Николай Езанэм кьыщIугурыIуар жимыIапхъэ зэрыжиIар. И щыуагъэр игъэзэкIуэжын хьисэпкIэ, адрей пэшым щIыхьэри пащтыхьым и макъым зригъэIэтащ: «Зиусэнэхэ, хъыбар кьызэрызагъэщIамкIэ, Пушкиным и пIэ иувэну дызыщIигугъар яукIащ».

Лейбгусар Лермонтовыр и къулыкъыщIэ жьыжь нэсыну хъыщIэкIынут, 1837 гъэм Пушкин зэрауклам теууауэ «УсакIуэм и Iэныгъэр» уэсэр и Iэдакъэ къыщIэмыкIамэ. Ар яхуэшхыдащ пащтыхьым и блигуэдзтхэм, «нэпсей гуп» яфIищри. Николай Езанэм теухьакъым усакIуэр, ауэ апхуэдэ блигуэдзт зиIэ пащтыхьр а къэзыуэрыеихьэм нэхърэ зэрымынэхьыфIыр щIагъыбзэу щIэлът усэм. Николай Езанэм щхьэжь щыхъуащ Лермонтовым и IэдакъэщIэкIыр. ИкIи усакIуэр зыхэт гвардием къыжьэкIри, Кавказым щыIэ армэм къаГакIуэ. Ауэ мазэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыну Бытырбыхэу къашэж зэфIэкIыШхуэ зыбгъэдэлъ и анэшхуэм и фIыгъэкIэ. 1840 гъэм Лермонтовым итха щIэнэкIалъэр (эпиграммэр) щхьэузыгъуэ хуэхъури, ар щIакIуэ кIапэ ириджащ Франджым и посолу Урысейм щыIэм и къуэ Эрнест де Барант. А тIур щIызэфIэнар Пушкин щхьэмкIэ яIуатэ, щIакIуэ кIапэ щIыззэдытехьар Чернэ речка псы щIыкIым дежщ. Тluми фэбжь кьыхамыхьу а Iэхэр зэфIэкIат, ауэ пащтыхьым унафэ ищIри, Лермонтовыр аргуэру Кавказым къагъэкIуащ. КъыздагъэкIуари пхьдзат, кьулыкъу щыпщIэну нэхъ щыIэпIэ щынагъуэхэм ящIыщт. ЖыIэпэнуракъэ, мыпсэуэжми, нэрымыльагъуу Пушкиным икъутэрт абы иплI иува Лермонтовым и гъэпсыкIэр. Ахэр бгъэлэпкъэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ цIыхухэт, властым кьалэмкIэ пэщIэтхэм хабжэрт, тIури щIакIуэ ззэдытеувахэм яIэщIэкIуэдат. Пушкиныр чиновник жьгъейуэ ябжырт, Лермонтовыр зауэлIт, офицерт. Пушкиныр цIыхубзхэм фIыуэ кьалъагъурт, Лермонтовыр кьрадзащэртэкъым. И гъащIэм и иужь илъэсипщIым Пушкиныр консерваторыр, империем и уэрэдыз, пащтыхьым и дзыхь зригъэз цIыху хъуамэ, Лермонтовыр кьэнащ оплосщэм и бэракъэу. Пушкиныр зэрауклам пащтыхьыр иринэщхьеящ, Лермонтовыр зэрыхэкIуэдам щыгуфIыкIащ.

Пащтыхьым папщIэ «къамэ»

Николай Езанэр Лермонтовым щIыщIышынэн щхьэусыгъуэ щыIа? Пащтыхьымрэ прапорщикымрэ: а тIум щурэ пщэрэ я зэхуакIт. Ауэ Лермонтовым хуэдэ прапорщикэрэщ 1825 гъэм и кIэухым пащтыхьыр тезыдз пэтар. Лермонтовыр «зэманым и лIыжьжьхэм» ящIыщ зыт. Ар фIыуэ яльагъурт, абы дэлъейрт жылагъуэм щыщ либералхэр. Ахэр хьэзырт пащтыхьыгъуэм пэщIэувэну, ахэрщ кьызыхэкIар Герцен, Чернышевскэ хуэдэхэр, «народовольцы» жыхуаIэхэр.

Пащтыхьыгъуэм и лъабжьэр зыгъэзэсысын Iэмэ Лермонтовым кьыпъыкъыкIкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым. Уеблэмэ декабристхэм ар зыхашэн ядауэ щытакъым, сэбэпыначIуэ къыпыкIыншхуэз зэрыщымыIэр, и зэчиим зэран хуэхъункIэ зэрыхъуынур кьагурыIуэри. Лермонтовыр фIыуэ зымыIъагъу куэд щыIэт, ауэ и ныбжьэгъу гупым е и гупсысэкэр кьыдэзыIыгъэм яхэхуамэ, арат я пашэр, Iэхэу кьрахьэжьхэм и зэхэублакIуэр. Абы и щапхъэуэ кьэпхь хъунущ мыр: гвардием и подпрапорщикэр щагъэхьэзыр школым щIэсу, ар яхэтащ «дедовщина»-кIэ зэджэр кьэззыгупсысэкэм. КьимыдэкIэ, Кавказым щекIуэкIа зауэм щыгъэпэзгъуа лIыгъэм абы и пщIэр хуабжу иIэтащ. Абы нэмыщIыжкIэ Кавказым ныбжьэгъу щыхуэхъуащ декабристхэу Одоевский Александрэ Лорер Николайрэ. Апхуэдэу зригъэщIыхуащ декабристхэу Лихаревыр, Назимовыр, Нарышкиныр. Псом хуэмыдэу Михаил псэкIэ гъунэгъу хуэхъуат докутыр Майер, «Ди зэманым и лIыхъжь» романым хэт докутыр Бернер и образыр кьызытрищIыкIар. Ар декабристтэкъым, ауэ абы и ныбжьэгъу пэжу щытат Кавказым къагъэкIуа тхакIуэ Бестужев-Марлинский Александр, бгырысхэм езауэу 1837 гъэм Адлер деж щыхэкIуэдар. УсакIуэр декабристхэм зэрахущIар уи нэгу кьыщIегъэхьэ Назимовым и гукъэкIыжхэм: «Лермонтовыр щIэх-щIэхьыгъэ кьыщIыхьэрт ди деж икIи социально-политикэ Iуэхугъуэхэм зэрелъым фIэфIу тепсэлтыхьырт. Пэжыр жысIэнщи, ди гупсысэр щIагъуэу зэтехуэрэтэкъым. Дэ кьыдгурыIуэртэкъым абы и псалъэхэм ящIэлъ щIагъыбзэр. Ауэ поэзием и гугъу щищIкIэ, и дамэ лъэщхэмкIэ уафэм щыхьэрэт. Правительствэм кьыщта языныкъуэ унафэхэмэ, дэ тфIэжьабыхэм, дызыщIэхъуэпсу щытахэм, ар тецIыбыхьырт. ЗыгуэркIэ деупщIамэ жэуап кьыдитыжыртэкъым е гушыIэкIэ, ауанкIэ кьытфIэкIырт».

Декабристхэм я Iуэху епIапкIэр ядиIыгъми, Лермонтовыр ахэр мащIэу Iумпэм щIищIын щхьэусыгъуэ иIэт. Сыту жыIпэмэ, абыхэм зыIущIагъэкIат текIуэныгъэр, пащтыхьыр яукIыну яIа. Мурадыр епIыжьхэрэ. Езыр яхэтамэ, кьиклуэтыжьыну къыщIэкIынтэкъым. Абы, уеблэмэ, иIэщ усэ, «Къамэ» фIищауэ. Абы щIагъыбзэкIэ щыжеIэ захуагъэм гъэзэгу игъэутын папщIэ ар кьиргъэсэбэпыну зэрыхьэзырыр. УсакIуэхэм кьалъытэ кьамэр пащтыхьыр зэраукI Іэщэм и нэщэнэу.

Декабристхэм нэмыщI Лермонтовым иIэт и гупсысэкэмкIэ зыдэгуашэ нэгъуэщI цIыхугъэ зыкъоми. 1838-1839 гъэхэм ар яхэтащ «ЦIыху 16»-кIэ зэджэ гупым. Пащтыхьэщхьэшэ нэужьым ахэр зэхэсырти, тутынрыр щIашу, зыми щымышынэу, хуиту тепсэлъыхьырт махуэр зэрагъэкIуами ихъуреягъкIэ кьэщIекIуэкI Iэхуэгъуэхэмэ. ПщIэнтэкъым ещанэ отделенэ (политикэ Iуэхугъуэ лей жьзыIэхэм щхуэ якIэлъэлъплъякIэщIэдэIуэхэр) щыIэуи. А гупым хэт щIалэхэм ящIыщ зыбжанэ иужьым цIыхушхуэ хъуахэщ: Валуев Пётррэ Шувалов Андрейрэ Александр ЕтIуанэм и пащтыхьыгъуэ лъэхъэнэм кьулыкъушхуэ яIыгъащ, Паскевич Фёдор фельдмаршал цIэрыIуэм и къуэт. Адэ цIэрыIуэхэр зи щIыбагъ кьыдэт апхуэдэ щIалэгъуалэр Лермонтовым зэригъэныбжьэгъуэ пащтыхьым фIэфIынт?

Секундант хьэмэрэ щIэпхъаджащIэ?

Пэжщ, уи нэгу кьыщIэгъэхьэгъуейщ «Лермонтовыр лъэныкъуэ еГъэзэн хуейщ» жиIэу пащтыхьым унафэ ищIауэ. Ауэ абы усакIуэр кьыззэрыIэщIэужэгъуар зыгуэрым Іуридзагъэнкlэ мэхъу. Апхуэдэу жимыIагъэхэнкIи хъунщ, сыту жыIпэмэ Николай Езанэм унафэ ищIат зауэр нэхъ гуащIэу щекIуэкI щIыпIэхэм Михаил пэIэщIэ ямыщIну, лъэныкъуитIыр щызэпэщIэувэ зэхэуэ нэхъ псэзэпылъхьэпIэхэм ягъэкIуэну. АбыкIэ пащтыхьым и мурадыр гурыIуэгъэтэкъэ? Ауэ бгырыс Іэщэр, бгырыс фочышэр Лермонтовым кьытехуэртэкъым.

Иджы девгъэплъыт 1841 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 15-м Мэшыкъуэ Іуащхьэм кьыщыхъуа нэщхьеягъэм хэтахэм, дэлэлу щытахэм. Мартынов Николай отставкэм щыIэ майорщ, Лермонтовымрэ абырэ зэщIыгъуу юнкер школыр къаухащ. УсакIуэр абы щакIуэ кIапэ щIриджар езым теуХуауэ Клингенберг Эмилие жриIа ауанышщ псалъэхэрщ. А махуэм абыхэм ящIыгъуахэм ящIыщ зыми и пщIыхьэпIэ кьэкIыртэкъым а тIур зэщхьхэну. Мартыновым Лермонтовым щIакIуэ дытеувэну мурад щищIар гупыр зыщIэс унэм кьыщIэкIыжу усакIуэр пЛъэныкъуэкIэ Іуиша нэужьщ. ИтIанэщ щыхьэтхэр кьыщыхахар.

Лермонтовым щIигъуу къулыкъу зыщIэ, шу гвардием и корнет Глебов Михаил усакIуэр зыхьыну щэр кьытехуа нэужь, уIэгъэ хьэлъэм кьыбгъэдэнащ, уэшх кьежэхэм хэту, адрей ящIыгъуахэр Псыхуабэ кIуэу дохутырыр шыгукIэ кьашэжу ... Столыпин Алексейр етIуанэу ящIыгъуар. Абы зэрыжиIэжымкIэ, ар хэтащ зэщIыхьанТым и Іуэхур нэхъ тыншу зэфIэхъкIыну икIи Мартыновым и кIэрахъуэр усакIуэм зэман кIыхькIэ щригъапщэм, тIури зэбгъдишыжьын мурад ищIауэ, кIэрахъуэр уащ. Ещанэр офицер Трубецкой Сергейщ. Ар льэпкъ цIэрыIуэ кьыхэкIат, ауэ цIыху псынщIэт, цIыхубз Іуэхум зыIэпишэри и къулыкъукIэ жьыжь нэмысу кьэнат. Уеблэмэ иужькIэ ар ягъэтIысри щысащ, сэлэт кьызэрыгуэкI ящIыжащ. Апхуэдэу абыхэм еплIанэу ящIыгъуащ Васильчиков Александр - кьэрал советым и Іэтащхьэм и къуэр. Армырауэ пIэрэ усакIуэр Іухьн хуейуэ унафэ зыхуащIар? Васильчиков нэхъыщIэри Столыпинри хэтт «ЦIыху 16» гупым. Абы щызэхуэсхэм ирагъэкIуэкI псалъэмакъэр пащтыхьым Іуридзэжам хэт зыщIэр?

Следствием хуэгъэза упщIэхэр

Дуэлыр зэрекIуэкIамрэ а Іуэхум хэтахэм кьаIуэтэжар зэрызэтемыкъуэмрэ упщIэ зыкъом кьашэ, жэуап тэмэм ямыгъуэтауэ. Япэрауэ, гурыIуэгъуэкъым: зэфIэнаитIыр щызэпэщIэува щIыпIэм хэт сыткIэ кIуа, хэт сымэ зэгъуэгъар? Дуэлыр щекIуэкIыжым щыгъуэ Трубецкойрэ Васильчиковымрэ а щIыпIэм щыта? Ахэр щыхьэту увами, апхуэдэ лъэбакъуэ щIачар зэщIыхьаитIым я Іуэхур хабзэм тету ирагъэкIуэкIауэ жаIэн щхьэкIэщ. Ещанэрауэ, Лермонтовым телъ уIэгъэр щыхьэт тохъуэ абы кьыкъуэтеха щэр Іуащхьэ лъабжьэмкIэ кьыплъэтыкIауэ е щIыпIэ жыжьэ кьикIауэ. ЕплIанэрауэ, Лермонтовымрэ Мартыновымрэ кIэрахъуэ щыщэрагъэпщар пщыхьэщхьэм сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 30-рщ. Абы иужькIэ, Столыпинымрэ Васильчиковымрэ щыгу зэщIэщIаро дохутыррэ кьагъуэтыкъу, усакIуэр сыхьэтитIрэ ныкъуэкIэ уэшх къежэхым хэльащ. АтIэми а тIум щыгу къыщIалъхьэн щыIакъым, езыхэр хуэкъулейт, ахуэзэфIэкIынут пщIэ щIату щыгу кьащтэну. Уеблэмэ Глебовыр а щIыпIэм щыгу зэщIэщIа ису кьэкIуауэ яIуатэ. ИкIэм-икIэжьм Лермонтовыр шым зэпрыууэ тралъхьамэ, сыхьэт ныкъуэм Псыхуабэ яхунэгъэсынут.

НэгъуэщI зы упщIи кьыхэлъуокI. Шэр кьыщыстехуам Лермонтовыр занщIэу зэпыуащ. Ар ящIыгъуа пIэрэт уIэгъэ хьэлъэм? А щIыпIэм щыгукIэ кьэкIуа Саникидзе зэриIуэтэжамкIэ, усакIуэм и псэр зэкIэтэкъым, ар щIэрт «солIэ, солIэ» жиIэу. ИкIи щылар Псыхуабэ дэмыхьэ щIыкIэщ. Саникидзе зыри пкърыупщIыхьакъым. Хэт ищIэн, апхуэдэу кIыхьлIыхьэ а Іуэхум иужь имытамэ, Лермонтовыр къаХуегъэлынкIи хъунт. Къахуемыгъэлими, Мэшыкъуэ Іуащхьэм кьыщыхьуам и пэжыпIэр кьэпщIэфынут.

Етхуанэрауэ, зэщыхьаитIым яIыгъа кIэрахъуэхэм ятеухуауэ яIуэтэжри зэтехуэркъым. Абы мыкъэнэщхуэ иIэщ. Сыту жыIпэмэ, Лермонтовыр зыхьа щэр кьыззэрытехуа щIыкIэм ехьэлIауэ ятхыжам еплъмэ, мыпхуэдэ гупсысэм, Іуэху еплъыкIищым ухуешэ: щIыпIэ жьыжь кIыукIри абы фочышэ кьытехуащ; кухнройтер кIэрахъуэ лъэщымкIэ гъунэгъу дыдэу кьеуащ; гъунэгъу зыкъыхуащIри, нэгъуэщI кIэрахъуэ лIэужьыгъуэкIэ кьыхэгъэщIащ. Щэр и Іэпкъльэпкъым и лъабжьэмкIэщ кьыщытехуар.

Еханэрауэ, Лермонтовыр Мартыновым щыIущIэну щIыпIэм кьыщыкIуэм кьыздикIар Псыхуабэкъым, атIэ абы иплIэкIэ здэIэпхъуа Железноводскщ. А кьалэм дэсхэм иужь дыдэу ар щалъэгъуар Рошке и щхапIэм щIэсуц. Абы щыгуэми, щIакIуэ кIапэ зыгуэрым удытеувэн

● Псалъэ шэрыуэхэм къарыкІыр

Мэл гуартэ щІакъуэншэкъым

Кхъэм яхь къахьыжыркъым. БлэкІам къыпхуегъэ-гъэзэжынукъым.

Лыр фэладжщ жыпІэу йомыку. «КъызэрыщІэкІынур пщІэркъым» жыхуиІащ.

Мазэрэ пэт дыркъуэ иІэщ. «Дагъуэ, дерт гуэр зимыІэ щыІэкъым» жыхуиІащ.

МафІэм и гъунэгъу лыр мажьэ. Іыхьлы гъунэгъум и нэщхъеягъуэр сыт щыгъуи гум хохьэ.

Мащэ зытІ мащэ йохуэж. НэгъуэщІым гуауэ езыщІэну хэтым ар езым хъыщощІыж.

Мащэм зэ ихуар набгъэщи, тІэу ихуэр нэфщ. Зэ ищІа щыуагъэ дыдэр аргуэрыжьу зыщІэр хэзыкъухь псэльафэщ.

Мэл гуартэ щІакъуэншэкъым. Адрейхэм зыгуэркІэ къащхьэщыкІ гуэр гупым сыт щыгъуи хэтщ.

Пщы бупсынумэ, лам телъхьэ. Пхуэмыгъэлъэгъуэн, пхуэмыгъэнэхуэн тегъэщІапІэхэр щыхьэт ещІ.

Пщым лъакъуэ щІэткъым. «Жьжьэ унихьэсынукъым» жыхуиІащ.

ПщІэгъуалэ утесмэ, иц щыщ къыпхохуэ. ЦІыхуфІым упыщІауэ, Іуэху хуиІэу, удэпсэууэ щытмэ, ифІ къокІынщ, нэхъыфІ ухъунщ.

ПщІэншэ уадэ Іэтыгъуейщ. ПщІэншэрылажьэм и Іэр лэжьыгъэм хыхьэркъым.

Сабийм и кІэтІий кІапІэ бжьхьым пылъми, мэджэгу. Шынагъуэ сытхэр кІыфІэмыІуэхуу, къыщыщІынкІэ хъунухэм емыгупсысу джэгу хабзэу зэрыщытым тражыныкІа псэльафэщ.

Сэ нэхъыфІ умыгъуэтмэ, сыкъэшэж. Зэримыпэсам цІыхур къыщыщхъэнжьым деж къапсэлъ хабзэщ.

Сэшхуэ гъущэрылъэрэ фыз зэщІэплъарэ. «Тіуми уа-Іурымы Іэбэ» жыхуиІэщ.

ШкІахъуэрэ пэт нэхъыжь иІэщ. Іэтащхьэ гуэр зимыІэ щыІэкъым.

ЩАУЭ Къалидар.

ЗэІущІэ гъэщІэгъуэн

Къэхъуа

Си адэр хуабжьу мэз кІуэрейт икІи и гъащІэм и нэхъыбэр абы щихьырти, ди унэр игъэпэхъуэжами зыми емыкІу къиущыну къыщІэкІынтэкъым.

Сэ школым сыщІэсти, «Ди адэ, мэзым сыздэшІэ!» - жысІэ щыхъур тхьэмахуэ закъуэрт, абы щыгъуи и жэуапыр зыт: «Сэ мэз сыщІэкІуэр пхъэ къэсшэну аращ, ахъумэ уэ укъэсшэжыну аракъым». Сэри шатащхьэ тезыча джэдууэ зызущэхужьыр. Ауэ зы махуэ гуэрым си адэм гъуэмылэр къыщыгъупщэри, си кІэнир къикІащ. ЩІакхъуэ Іыхьэрэ зы кхъуей ныкъуэрэ къасщтэщ, кІагуэ уэд цІыкІу гуэр сиІэщ сэ, флъэгъуами сщІэркъым, ар къыщызукІэжри, адэм сыкІэлъыкІуащ. Куэдрэ сыкІуа мащІэрэ сыкІуа, сытми, сыплъэмэ слъагъуу адэм сыплъэщІыхьащ. Си адэм къеплъэкІ и хабзэкъым: «Сыт, жи, укъыщІеплъэкІынур? Уи япэмкІэ плъэгъуарщ уи щыбагъымкІи къэнар». Арати, сокІуэ, сыплъэщІыхьэныи сыхущІэкъуркъым: къызигъэгъэзэжынкІэ сошынэ. Ауэрэ мэзым дыщІыхьэри зыкъомыфІи ткІуагъ, зэуэ къудамэ етхъуэкІ макъ ин зэхэсхри, «хъущт» жиІэу сыкъызэплъэкІащ. СыкъызэплъэкІмэ, зэрамыщІэжу зы мыщэ бащэжь гъуэгум къытехьауэ къыскІэлъоджадэ. Мо щІалэ къамылыфэр шэхум хуэдэу хужь сыкъэхъури, вагъуэижу гум сыдэжьхри, шым и пэщхьыным сыкъэихуа хуэдэу, ялэм сыкъэилъэдащ.

- Мыр сыт, унэжьи, къэхъуар, дэни укъикІа? - жиІащ си адэм, къэуІэбжьауэ.

Сэ си бзэгур кІэрэхъуэжьыртэкъым, гулъэф хуаГъэнт.

- Гъу... гъу... гъуэмылэр къыпщыгъупщати къэсхьащ! - жысІащ сэ ерагъыу.

- Дэнэ щыІэ-тІэ?

- Мис, - жысІэу си блыгум сыщІэІэбзэжмэ - бгъуэтмэ къащтэ, зыри щІэлъыжкъым.

Іуэхур зыІутыр кІыгуріуа хъунт, си адэр зэплъэкІащ... Мыщэжьым пэнцІывэрэ лъэбжьанэкІэ гъуэмылэр зыкІуэцІыпІ кІэзэтыр ичатхъэрт, и кІэ тІэкІыри ажэм и кІэу игъэпІэжьажьэрт, имыгъэпІэжьажьми сщІэртэкъым... сытми, апхуэдэу къысфІэщІырт. Си адэр мащІэу пыгуфІыкІщ, и щхьэр ищІщ, псынщІэу шыгум сригъэтІысхьэри дежьэжащ.

Ар къыщыхуар щыхупІэ еуэкІыгъуэти, абы дыфІэкІыу дыздэкІуэнум дынэсыху бихъ жысІакъым, си адэри щымащ. Дынэсри, си адэм шитІыр щІигъэхуащ, лъахъэ ярилъхьэри къызжиІащ:

- Шыхэм яхуэсакъ, нетІрей мыщэр Іэгъуэблагъэу щыІэщ.

Сэ аргуэру сыкъэшынащ, ауэ си адэм зыкъэзгъэщІакъым. Пхъэ пиупщІыр кхыхэслъэфыртри, срахьэжьам хуэдэу, напІэзыпІэм сыхэлъэдэжьыр: си адэм и Іуэнгъуу сыщІэмэ, бзу хэлъэт макъхэм сыкъагъащтэртэкъым.

Гур тхъуэжри дыкъежьэжащ, мыщэ лъэпкъи а куэйм щызмылъэгъуауэ. Сигъэшынэну жиІаУэ арагъэнт. Ауэрэ дыкъызидзкІуэжьым, си адэм жиІащ:

- Ахъыржэману псынщІэу пхъэр кхыхолъэф, тхьэмахуэ кхъэ укъызидэсшэнщ.

- Хьэуэ, сыхуейкъым, - жысІащ сэ, иужькІи щІызгъужащ: - Пхъэр псынщІэу кхыхэзылъэфар сэракъым, мыщэрщ.

БРАЙ Адэлбий.

● Теплъэгъуэхэр

ХьэтІохъущокъуэм и цІэкІэ щыІэ жыг хадэм.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Къуажэхьхэр

Дзэ имыІэу мэдзакъэ

Щхьэкіэ удзыфэ,
Лъабжьэ дыщафэ.

Зи кур фоупс,
Зи фэр Іэщ Іус.

Дзэ имыІэу мэдзакъэ,
Дэп имыІэу укъес.

УпщІэ пыІэшхуэ,
Лъакъуэшхуэ закъуэ.

ТкІуатКІуэм и псынщІэ,
ПсынщІэу зелъатэ.

Мылыр щыкъутэ,
Къутар щыткІуж зэман.

ЖЭУАПХЭР:

Пхъэ. Хъарбуз. Щынсыдзэ. Іэгъэдзуу. Бахъэ. Гъатэ.

Зэхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

● ЖыІэгъуэхэр

УнафэщІыр куэдрэ кІиймэ

♦Пэжыр хэт и дежкІи жыІэгъуейщ.
♦Гушыіэ здэщымыІэ Іэнэм щысыгъуейщ.
♦УнафэщІыр куэдрэ кІиймэ, Іэхум химыщІыкІыу аращ.
♦Нэхъыжьым жиІэм емыдэІуэфым, нэхъыщІи къигъэдэІуэфынукъым.
♦Дуней жэнэтым ухуейкІмэ, зэгурыІуэ здэщыІэ къэлъыхъуэ.
♦ЖиІэ машІэмкІэ уарэзымэ, икъукІэ укъулейщ.
♦Бгъэдэт гу къабзэкІэ ныбжьэгъум, акъылкІэ бгъэдэтыф уи бийм.
♦Уи напэр пщэжкІэ къулей ухъунукъым.
♦ЦІыхум хуэпщІэр щыгъупщэжми, епщІэр щыгъупщэжркъым.
♦Псори зэхуэдэу фыуэ зылъагъуф щыІэкъым.
♦Хэхъуэ зиІэм хъуэхъу хужаІэ.
♦УзыфІрэ зауэфІрэ щыІэкъым.
♦Сыт хуэдэ лъагагъми и къежьапІэр щыльэгъуащ.
♦Фіри зэхуэдэу фыуэ зылъагъуф щыІэкъым.
♦Хэхъуэ зиІэм хъуэхъу хужаІэ.
♦УзыфІрэ зауэфІрэ щыІэкъым.
♦Мы зэзымыпэсым мыІэрысэ хуэфащэкъым.
♦Уи псалъэри уи мылъкум хуэдэу зэгъэзэхуэн хуейщ.
♦Сабий макъхэр уи пщІантІэм къыдэІукІмэ, уунагъуэ насыпыфІэщ.
♦Зыри зумыщІэфынУ Іуэху гуауэр, лІыгъэ зыхэльхьи шэч.
♦Аргъынэ уэдым Іэмбатэ пшэр зэи къуитынукъым.
♦Сыт хуэдэ удэми езым и гъэгъэкІэ иІэжщ, дэтхэнэ цІыхуми езым и псэукІэ зэриІэжым хуэдэу.

КІУРАШЫН Алий.

● ГушыІэхэр

Хэт нэхъ бзаджэ?

Хьэуэ ныбжьэгъу гуэр иІэт Хуэмгъуэткіэ еджэу. Ар хьэкІэпычт, пцІыупсышхуэт, хэт сыт къыпысхьи жиІэу, псоми зыгуэр захуригъэщІэну хэту и дунейр ирихьэкІырт.

Зы махуэ гуэрым, шэджагъуашхэм ирихьэлІэу, ар Хьэужь и деж макІуэ, зригъэгъэхьэщІэн и мураду.

- Уэлэхьи, Хьэужь, куэд щІауэ услъэгъуатэкъым, уи хъыбари зэхэсхатэкъыми, и Іуэху зыІут ззэгъэщІэнщ жысІэри, сыкъэкІуамэ, - жеІэ абы.

Хьэужь и ныбжьэгъур ицІыхужьыртэкъэ:

- Хъарзынэщ, икъукІэ си гуапэ къэпщІащ, аущ Іэхуракъэ, иджыпсту ди гъунэгъу Хьэжмырзэ и деж щІэупщІакІуэ сыкІуэну зызгъэхьэзыраурэ аращ, - щыжиІэм, Хуэмгъуэт, сыт ищІэнт, и унэ игъэзэжащ.

ПЩЫБИЙ СулъТІан.

«Уи дыхьэшх макъыр»

● Зы уэрэдым и хъыбар

1950 гъэхэм КІыщокъуэ Алим итхауэ щытащ «Уи дыхьэшх макъыр» зыфІища усэр. АтІэ, дауэ ар уэрэд зэрыхьуар?

Мы уэрэдым и хъыбарыр зэхуэсхьэсыну яужь сыщихьэм, апэ дыдэу сыздэкІуар КІыщокъуэ Алим и шыпхъу КІыщокъуэ Хъамсинэ и дежщ. Хуабжьу къыщыгуфІыкІри, жиІащ:

- Алим, дэ, и шыпхъухэм, нэхърэ фІыуэ нэхъыжьт. Абы къыхэкІыуи пщІэшхуэ хуэтщІу дыпсэуащ, и гъащІэм къыщекІуэкІхэм теухуауэ деупщІыну къедгъэкІуртэкъым. Ауэ а Іуэхум хэзыщІыкІым къызэрыджиІэжамкІэ, мы усэр Алим фІыуэ ильэгъуу щыта хъыджбзым хуитхауэ щытащ. Ар министру щылэжьам щІыпІэ куэдым кІуэрт, къуажэ, къалэ школхэм я щытыкІэм кІэлъыплъыну и къалэнти. Зэгуэр Кэнжэ къуажэм щыІэу школым щылажьэ хъыджэбз гуэр игу ирихьауэ жаІэ. Мис а нобэ зи хъыбар зыхуэпхьэс уэрэдри зыхуитхауэ жыхуаІэр аращ. Уэрэдым сыщедаІуэкІэ езы Алим ар щитха зэманым иту си бжэр Іуихьу къыщІыхьэну сытым дежи къысщохъу.

Усэм макъамэ щІэзылъхьар, нэхъ иужьыІуэкІэ ар зыгъэзэщар РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я цІыхубз артисткэ Шэрий Иринэщ. Абы жеІэ:

- Пщэдджыжькіэ сфІэфІт Долинск паркым жьы къабзэкІэ сыщыбэуэну. Зы махуэ гуэрым зэи зэхэзмыха макъамэ си щхьэм къихьащ. ПсынщІэу унэм сыкъэкІуэжщ, роялым сыбгъэдэтІысхьэри, макъамэ сызэуам унэм щІэсхэр езгъэдэІуащ. Псоми ягу ирихьу щыжаІэм, КІыщокъуэ Алим итха «Уи дыхьэшх макъыр» усэр сигу ирихьырти, абы щІэслъхьащ. Апхуэдэу дунейм



- Пщэдджыжькіэ сфІэфІт Долинск паркым жьы къабзэкІэ сыщыбэуэну. Зы махуэ гуэрым зэи зэхэзмыха макъамэ си щхьэм къихьащ. ПсынщІэу унэм сыкъэкІуэжщ, роялым сыбгъэдэтІысхьэри, макъамэ сызэуам унэм щІэсхэр езгъэдэІуащ. Псоми ягу ирихьу щыжаІэм, КІыщокъуэ Алим итха «Уи дыхьэшх макъыр» усэр сигу ирихьырти, абы щІэслъхьащ. Апхуэдэу дунейм къытехьащ мы уэрэдыр. 1971 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м КъБАССР-м икІыу Москва концерт щызытыну кІуэ гупым сэри сахэтт. Уэрэд згъэзэщІэнур кІыщысщІэм, тІэкІуи сыгуэващ: лъагъуныгъэм теухуа нэхърэ Хэкум, лъэпкъым и дахагъэр къызыхэщІащ мыпхуэдэу тету: « Шэрий Иринэ и макъыр щызэхэсхкІэ сыщалъхуа щІынальэр къызэпсалъэу къысщохъу».

Уи дыхьэшх макъыр вагъуэбэу
Уэгум ипхъащи мэпщІыпщІ.
Уи дыхьэшхыным сыщыщІэм,
МафІаем си псэр елыпщІ.

ЕжЬУ: **Ущдыхьэшхкіэ, уэ уи нитІым**
Дыгъэм и нурыр ягуэш.
Уи Іэ дахитІыр сэ къызэти,
Ди насып гъуэгур зэхэдгъэш.

КъыдэкІыфІэкІми ныжэбэр,
Уэ удыхьэшхэ, ещІ нэху.
Мазэр къыкъуэкІми кхъхьэжми,
ХуэмыІуэтэжьр уи щэхущ.

ЕжЬУ.

Губгъуэм ит удзыр щІэгъагъэр
Уи дыхьэшх макъыу къысфІощІ.
Уэ узмылъагъумэ зы махуэ,
Узэхэзмыхмэ, сэ си гур хощІ.

ЕжЬУ.

Ди псыІэрышэм седаІуэм,
Сэ зэхызохыр уи макъ:
СемыгъэкІуащэрэт, жысІэу,
Ущдыдыхьэшхкіэ сэ сыпхуосакъ.

КІУНТІЫЩ-ХЬЭПЦІЭ Аннэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3**. Илъэс зы-тІу зи ныбжь щыщІэ. **5**. Хадэзкі. **7**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **10**. Пшынауэ цІэрыІуэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ. **13**. КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр. **14**. «Гукъыдэж» псалъэр апхуэдэуи жаІэ. **15**. ШкІэ мэжэлІам и ... макъ Іуэм къиІукІащ. **17**. Гъэшхэкі. **18**. ... лъакъуэрэ хьэ лъакъуэрэ зыубыда щыІэхъым. **20**. ЩыпсалъэкІэ зэІынэ. **22**. ЩІы къиуда. **23**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, абы и лъыр хамэм ещІэж. **24**. ХьэщІэ лъапІэм хуаукІ Іэщ. **25**. Гъэмахуэм Іэщхэм, шым якІэрыхъыжьэ бадзэшхуэ. **26**. Ахъшэ жьгъей. **29**. ГъущІ быдэ. **31**. Шым и кІуэкІэ. **32**. ... гъущэрылъэр фыз игъэплъа лІырэ. **34**. ЦІыху гуащІэ, пхъашэ, къимыкІуэт. **36**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **38**. УзэкІэлъыкІуэну ущхьэхмэ, абыкІэ узэщІэупщІэ мэхъу. **41**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **42**. БгъуэзэрэлъагэУ дащІея быдапІэ. **43**. ПхъурылъхуР ..., псатхъэр магъ.

Къехьу: **1**. Хъыджэбз дахэм теплъэу хъуар ... къещІ. **2**. Пщащэ пыщащыжьыгъуэ зэман. **3**. Зи мылъкур зыкъуэ цІыху. **4**. Кавказым щыпсэу лъэпкъыщхъэ, мелуан зыбжанэ хъууэ. **6**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **8**. ЕуэкІыпІэ. **9**. Атэлыкъым ирагъэпІ щалэ цІыкІум апхуэдэу йоджэ. **11**. Ди къэралым щежэх псы нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зы. **12**. Нартыху щхьэкІэм кхъыдизэ гъэгъа. **16**. Тэрч районым щыщ къуажэ. **18**. ЩхьэлІ мывэр зэкІэрэхъуэкІ. **19**. Псалъэ ... блэр гъуэмбым къреш. **20**. УрысыбзэкІэ тхэуэ щыта адыгэ бзылъхъугъэ усакІуэ цІэрыІуэ ... Иннэ. **21**. Бжьыныху лъэпкъыгъуэм щыщ мэз къэкІыгъэ. ЦІыхухэм яшх. **27**. Пщэ гъум. **28**. Норвегием и къалащхьэ. **30**. Адыгэ макъамэ Іэмэпсымэ. **33**. Псым и куупІэ. **35**. Жьэ бзаджэ зиІэ. **37**. ЩхьэхуимыТу яІыгъ цІыху. **38**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **39**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щІиту малІэ. **40**. Совет Союзым и ЛІыхъжь КъуэнакъуэкІ ...

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мазаем и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **6**. Шабзэ. **7**. Бжьакъуэ. **8**. Къру. **9**. Къулей. **10**. Надэ. **11**. Пэшэгъу. **13**. Къуд. **14**. КІэ. **17**. Лыгъэ. **19**. Топ. **20**. Тесу. **24**. Тафэ. **25**. КуутІ. **27**. Епэр. **28**. Анэ. **29**. Аркъэ. **33**. Хъы. **34**. Лы. **36**. КъуанщІэ. **37**. Кьумыкъу. **39**. КІадз. **40**. Бзу. **41**. Бжьыдзэ. **42**. Аргъей.

Къехьу: **1**. Бащлъыкъ. **2**. Бзий. **3**. Ворошилов. **4**. Бжьын. **5**. Укъуэдий. **11**. Пщы. **12**. ГъукІэ. **15**. Елисеев. **16**. Жумэрэн. **18**. Гъатхэ. **21**. ЕнтІыр. **22**. Афэ. **23**. Ауэ. **26**. Индонезие. **30**. ЩыкъУ. **31**. Блэ. **32**. КІэмажьэ. **35**. Андрей. **38**. КІуэдзэ. **39**. КІарц.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр
ХьэбІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкіэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъварэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кУажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ Іапі эхэм я ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ, 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэгъуэм и 14-м Печатым и хутыныгъэр хъуэныбмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм № Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Хьэжыкъварэ Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.), Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытралдзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.010 ● Заказ №193